

**M**UNGKIN nilai pelajaran bahasa temanku ini sewaktu di sekolahnya dulu tidak begitu baik. Hal itu membuatku sulit berkomunikasi dengan dia. Menjelaskan hal sederhana pun harus berliku kanan-kiri naik-turun seperti jalanan yang telah kami tempuh selama satu jam setengah ini.

Aku masih ingat beberapa minggu lalu bersitegang dengannya. Bukan karena masalah urusan beda pilihan calon bupati dan wakilnya. Urusan seperti itu sudah kami anggap bukan masalah lagi. Tapi ada sesuatu yang seharusnya bukan masalah justru malah jadi masalah. Coba bayangkan, bagaimana tidak mendidihnya darah di otakku ketika dia kebingungan mengartikan kalimat: yang kencing di sini hanya anjing. Bukan main susahnya diriku menjelaskan arti kalimat itu kepadanya. Padahal aku yakin anak kelas 1 SD pun pasti bisa memahami kalimat itu dengan sangat baik. Tapi tidak dengan temanku ini.

Yang lebih parah lagi ketika dia memperlakukan ucapanku kepadanya. Aku tak menyangka hal sepele itu dapat membuat kami bertengkar hebat. Itulah yang saat ini kuhadapi, di pinggir sebuah angkringan tempat kami beristirahat sebelum melanjutkan perjalanan.

Kronologinya seperti ini. Setelah menempuh perjalanan cukup jauh, kami sepakat untuk beristirahat di sebuah angkringan.

Kami memilih angkringan di pinggir jalan yang terlihat sepi agar lebih leluasa ngobrol *ngalor-ngidul* untuk melepas penat. Kebetulan kami mendapati angkringan yang letaknya cukup strategis dengan latar belakang persawahan dan dua tiga pohon di samping kiri kanannya.

Kami tidak duduk di bangku yang sudah disediakan, melainkan duduk di bawah pohon yang berada di samping angkringan itu. Aku pesan satu gelas kopi pahit dan satu batang rokok. Sebenarnya aku ingin pesan beberapa batang rokok atau satu

bungkus sekalian kalau bisa. Tapi karena isi dompetku harus berbagi dengan isi tangki motor, terpaksa hanya itu yang kupesan.

Kukatakan kepadanya aku hanya beli satu gelas kopi pahit dan satu batang rokok saja. Dia tidak mempermasalahkannya, karena kami sudah terbiasa dengan hal itu. Kebiasaan minum kopi dari satu gelas dan merokok hanya satu batang bersama, sudah kami lakukan sejak bersahabat tujuh tahun silam. Dalam kondisi sama-sama tahu tentang keadaan masing-masing, kami justru menikmati. Kebiasaan seperti itulah

kopi pahit kami itu, kukatakan kepadanya: susah senang bersamamu. Kaget mendengar kalimat itu membuat dia tersedak dan memuncratkan air kopi dari mulutnya ke mukaku.

"Bajingan...!" Dia berteriak dengan lantang, "Jadi seperti itu selama ini, hah?" Dengan mata melotot dia membentakku.

"Lho, kenapa?" Aku bertanya dengan nada sangat heran.

"Aku tak menyangka kau berani berkata sepreti itu." Sambil berdiri dia memalingkan wajahnya.

"Berkata apa?" Aku bertanya kembali untuk menemukan kesalahanku kepadanya.

Bapak pemilik angkringan segera datang bermaksud melerai kami.

Dia diam. Aku diam. Kami pun akhirnya melanjutkan perjalanan dalam diam. Tiga puluh menit kami puasa bicara. Tidak ada kata, tidak ada suara. Kubertanya kepada diriku sendiri: apa yang salah dengan perkataanku?

Hampir pecah kepala mencari jawaban, sampai akhirnya tanpa sengaja kuingat kembali guru bahasaku mengatakan sesuatu yang dulu dianggap sangat sederhana: sebuah kalimat akan berbeda arti bila diucapkan dengan intonasi yang berbeda.

Oh, Tuhan! Inilah masalahnya. Setelah

menyadari hal itu, aku jadi senyum-senyum sendiri karena selama ini akulah yang salah. Pertama, aku salah menduga kalau temanku ini tidak memahami bahasa dengan baik. Justru dia orang yang sangat ahli dan peka sekali. Kedua, ternyata aku jugalah yang salah dalam mengucapkannya dengan intonasi yang buruk.

Aku bermaksud: 'susah senang' bersamamu. Tapi karena intonasiku, menjadi: 'susah' senang bersamamu. Wajar saja kalau dia ngamuk.

\*) *DS Apandi*, Pegiat Ruang Kreativitas Siswa, SD 1 Padokan, Kasihan, Bantul.



ILUSTRASI JOKO SANTOSO

yang mungkin membuat persahabatan kami mampu bertahan.

Namun entah kenapa hari ini jadi berbeda dan jadi masalah. Aku sendiri jadi bingung apakah aku harus menyalahkan dia atau menyalahkan guru bahasa di tempatnya sekolah dahulu. Atau aku harus menyalahkan diriku sendiri yang tidak becus memilih kata. Atau mungkin diriku yang sebenarnya tidak lulus pelajaran bahasa. Atau ini hanya masalah interpretasi yang ngawur saja.

Di tengah asyik ngobrol dan santai sambil memandangi persawahan yang terhampar, permasalahan gila itu muncul. Saat temanku menikmati

*Oase*

## Moh Rofqil Bazikh

### MANTRA UNTUK APRILIA

sebagaimana para peramal, Aprilia, ini kususun beratus tahun sambil menebak nasib-nasib yang baunya mulai menyeruak di luar orang-orang berteriak atas nama kelaparan yang runcing dan amarah yang setiap malam mendidih di kepala

setelah mantra ini sampai di hadapanmu, atau tenggelam ke jantungmu yang agung, yang tersisa adalah bau pembakaran Aprilia, rambutmu yang sudah tidak dikucir dua menandakan bahwa dunia sudah berubah. suara kelaparan hanya sebatas suara yang menggema di tanah-tanah

bagaimana mungkin, suaramu yang pelan mengusik tenang dahulu datang mencium tanganku, meminta suaraku satu-satunya dengan lekas dan ikhlas kuberikan, Aprilia, sebab suatu saat aku berharap kau mengembalikan lebih banyak

tapi semua adalah sia-sia, hutang hanya catatan yang sepenuhnya nyaris untuk dilupakan

Yogyakarta, 2020

---

### KATARSIS

demam malam yang duduk di atas wuwungan demam sepi yang tumbuh dari rimbun pikiran kubaca doa-doa warisan, di dalamnya terdapat sebuah tenang yang tertanam

kuhadapkan dada ke barat, lurus dengan dinding sunyi dibangun sekali-kali juga kupejamkan mata berharap kutemukan ketenangan lain di sana, batas yang tidak bisa disentuh tangan-tangan kecil kita

dalam cangkir air, tujuh rupa mawar dan kembang srigading menyuntukkan semadi sementara doaku semakin meninggi menusuk langit-langit berahi

sampai hilang mawar hitam, tumbuh sulur-sulur tenang

Yogyakarta, 2020

---

### TUKANG TENUNG

malam-malam bersila di samping kobor perapian yang lain berkobar adalah kepedihan di dada jarum-jarum di tangan belum kuberangkatkan sementara segala sesuatu mendidih di kepala

hening menjadi raja dingin bersedekap tepat dada

danyang bangkit dari kolong lincak suaranya yang menjerit merobek dan menabur maha sakit aku tertawa lepas, untuk menangis tidaklah pantas

\*) Moh. Rofqil Bazikh, mahasiswa Perbandingan Mazhab Fakultas Hukum dan Syariah UIN Sunan Kalijaga Yogyakarta.

## MEKAR SARI

### Adiluhung

## Kuwalat, Piranti Mawas Dhiri

”**A**NA dongeng *enthik-enthik*, si penunggal patenana, Penunggal apa dosane, ngungkul-ungkuli sasama, aja dhi mundhak kuwalat, liah iya bener kandhamu, Lali sumber katiwasan.”

Cakepan tembang macapat 'Asmaradana' iki nyaritakake kahanan drijine manungsa ing saperangan tangan komplit sawatak wantune. Lumrahe drijine manungsa ing saperangan tangan iku ana lima. Jempol, penuding, penunggal, manis, lan jenthik.

Jempol iku blegere gedhe nanging cendhak. Watak wantune sabar lan becik bebudene. Dianggep dadi pengarepe utawa tuwa tuwanganane kabeh driji.

Penuding blegere ora gedhe nanging rada dhuwur. Watak wantune kaya wong kuwasa lan sugih. Gaweyane tudang-tuding dhawuh lan ngatur marang liyan.

Penunggal blegere rada gedhe tur paling dhuwur ing antarane driji liyane. Watak wantune gelem ngalah merga ngerti sejatine menang lan nglunguhake bener merga bisa negesi dununge salah lan bener.

Manis blegere rada cilik tur rada dhuwur. Watak wantune rumangsa bisa ing samubarang lir, mangka sanyatane isih kudu oleh panyengkuyung dening liyan. Merga darbe watak rumangsa bisa, adhakane gampang kapielu tanpa nganggo panglimbang sing jero lan maton.

Dene jenthik, driji sing paling cilik tur cendhak. Watak wantune senadyan cilik nanging miranti tur menangan.

### Ki Sugeng Subagya

Driji lima ing saperangan tangan sayekti dadi prelambang, yaiku prelambang urip sing guyub rukun sajroning bebrayan. Tangah lamun bakal kelakon bisa dadi piranti sing becik nalika ing antarane driji siji lan sijine nggugu karepe dhewe ora ana sing gelem ngalah. Ngepasi dhahar umpamane, muluk dhaharan ora bisa mung nganggo saperangan driji. Apa maneh mung nganggo jempol thok, senadyan jempol paling gedhe. Semono uga mung nganggo penunggal wae, senadyan penunggal blegere paling dhuwur. Driji dadi miranti kanggone dhaharan sak pulukan merga kabeh driji sing lima cacaha guyub rukun manunggal karsa ora mung golek menange dhewedhewe.

Menawa driji lima ginambarake kayadene wong seduluran saomah, jempol iku anak mbarep, penuding adhi mbarep, penunggal anak tengahane, manis kakang ragil, lan ragile jenthik. Jempol pinangka perangan warga kumah sing tuwa dhewe darbe kewajiban aweh peling tumrap adhi-adhine. Apa maneh nalika adhi-adhine padha darbe karep tumindak nalisir saka bebener.

Kala mangsane sedulur saomah bisa wae congkrah merga kasinungan watak melik, drengki, sreji, jail, methakil, dahwen, panasten, lan sapiturute. Jempol sing dadi tuwa tuwanganane somah kudu bisa dadi suh ngendhaleni pakartine "adhi-adhine" ingkang bakal nerak sarak nyingkiri bebener. Carane nge-

suhi lan ngedhaleni ora kudu srenggen, ananging ngecake piwulang luhure Ki Hadjar Dewantara, silih asah, silih asuh, lan silih asih. Ing bebrayan, sing luwih tuwa kudu dikormati, sing luwih enom kudu diasih, tumrap sapattha-padha rinangkul ngasah kapinteran.

Bebrayan Jawa kuwi kebak ing simbol lan prelambang. Piwulang utawa pitutur ora dikandhakake wantah apa anane, nanging nganggo prelambang lan pasemon. Iki ora ateges wong Jawa kuwi darbe watak slinthutan, leda-lede, lan ora ca blaka. Kabeh mau darbe ancas kanggo njaga rasa lan pangrasa, ngajeni marang sapattha-padha.

Tembung kuwalat iku sate-mene dudu bendu. Ana sing paring andharan asale seka basa Arab *quwa lan lahu*. *Quwa* tegese kuwat, lahu tegese kagungan Gusti Allah. *Lahu* la wala *quwata ila billah*, ora ana daya kekuwatan kejaba Panguwasane Gusti Allah.

Kuwalat dadi perangan pitutur luhur gayut karo piwulang ngundhuh wohing pakarti. Pakarti kang becik bakal becik undhuh-undhuhane, semono uga kosok baline. Samubarang patrap lan pakarti kudu diempakake marang dhiri pribadine dhewe nganggo tepa slira. Tepa kuwi tepak, slira kuwi awak, tepakna marang awakmu dhewe.

Cekaking kandha, kuwalat iku sejatine piranti kanggo mawas dhiri. Aja nganti darbe patrap kaniaya marang sapattha-padha lamun keng slira uga ora gelem dikaniaya.

\*) *Ki Sugeng Subagya*, Pamong Tamansiswa ing Ngayogyakarta.

### Geguritan

#### Aming Aminoedhin

##### MESJID KUBAH EMAS

*Wis luwih rong taun kepungkur, tau tekan mesjid kang endah kuwi. Kubahe saka emas mblendhug kaya ana Timur Tengah kae. Panggone ana Sawangan-Depok, cedhak Jakarta.*

*Platarane amba, kaya ambane panjangka. Gantha bisa ndelok mesjid kuwi klakon tekan kono. Dhuh.. apike. Bisa nyenengke ati, uga ngelingake pikir. Urip ora mung mergawe, tanpa leren golek dhuwit. Apa maneh mung njerit. Kalamangsa uga perlu lunga, madhangake mata. Wisata.*

*Wis luwih rong taun kepungkur, dadi atiku kuwur. Kepingin lunga maneh, Korona-ne isih akeh.*

Mojokerto, 9/9/2020

##### NYIRAMI KEMBANG

*Mumpung isih esuk, nyirami kembang ing latar. Ati melu padhang gumebyar. Melu seneng, kembang gelem mekar. Ana sing abang, kuning, lan putih. Kaya layangan ing akasa sore kae. Endah langite.*

*Esuk srengenge wis sumunar, padhang madhang kembang ing latar. Uga*

*madhang ati seneng sing nyirami kanthi sabar. Kembang kaya-kaya gumuyu oleh siraman banyu. Gawe sangune urip kembang dina iku.*

*Panase srengenge mangsa ketiga pancen ora sakbaene, oleh siraman banyu esuk dadi sayuk. Muga-muga sayuk uga donyane, sirna virus wabahe. Muga-muga!*

Mojokerto, 10/9/2020

##### LADING

*Aja dolanan lading kang mingis-mingis, nggarahi gawe miris. Ati-ati karo tangan lan drijimu bisa keiris. Bisa blai. Lading iku panggone ana pawon, aja ngalih saka enggone. Gawe ngiris bumbu utawa daging para Ibu, ngepasi arep masak ing pawone.*

*Ladinge jaman Korona iki mung donga, supaya bisa ngiris ilange virus wabah sak-ambrah-ambrah. Ungkalen terus ladingmu arupa donga iku sabendina. Supaya viruse enggal lunga, terus sirna.*

*Sapa ngerti ladingmu landhep dadi bisa ngusir Korona. Amarga ati madhep kanthi manteb nyenyuwun marang Gusti. Sapa ngerti?*

Mojokerto, 11/9/2020

**KAGEM** para kadang sing kagungan naskah cerita cekak (cerkak), geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email [mekarsari.kr@gmail.com](mailto:mekarsari.kr@gmail.com). Mligi cerkak dawane paling akeh 6.000 karakter klebu spasi. Menawa seratanane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun. **(Redaksi)**